

## **Rezime Notifikasyon Règleman an Janvyè 2023**

### **Kiyès ki dwe li sa a?**

Li sa a si w ap aplike oswa jwenn yon abri EA nan men Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè (DHCD).

### **De ki sa rezime a pale?**

Gen yon rekou kolektif kont DHCD konsènan pwogram abri EA a. Dosye a rele Garcia v. DHCD. DHCD te dakò fè chanjman pou eseye amelyore pwogram abri EA a. Akò sa a rele Akò Règleman. Nan dat 28 mas 2023, jij la pral òganize yon odyans pou deside si pou li apwouve akò a. Men dabò, manm gwoup la gen dwa pou aprann sou Akò a epi di jij la si yo pa dakò avèk nenpòt pati. Rezime sa a pale ou de Akò a ak kisa pou ou fè si ou pa dakò.

### **Kisa Dosye a ye?**

Nan mwa desanm 2016, yon gwoup fanmi sanzabri te depoze yon rekou kolektif kont DHCD. Yo se Pleyan yo. Dosye a konsène pwosesis pou fanmi yo antre nan abri a, nan plase fanmi yo toupre kominote lakay yo ak lekòl timoun yo, epi jwenn plasman abri ki pi apwopriye pou moun ki gen andikap.

### **Kisa yon manm gwoup ye?**

Gwoup la gen ladan tout moun ki nan abri EA oswa ki nan Entèripsyon Abri Ijans Tanporè (TESI). Gwoup la gen ladan tou tout moun ki aplike pou abri EA epi ki pat pran refi. Li gen ladan tou moun ki te eseye aplike pou abri EA men ki pa t kapab antre ladan. Men li pa gen ladan moun ki te aplike pou abri EA epi ki te pran refi, si yo te te fè apèl kont refi a epi yo te pèdi apèl la, oswa si dat limit apèl la te pase.

Genyen yon sou-gwoup. Sou-gwoup la gen ladan tout fanmi ki nan gwoup la, ki elijib pou abri EA, epi ki gen yon manm fanmi ki gen yon andikap.

## **Kisa Akò a ye?**

### **Chanjman kle DHCD gen entansyon fè yo se:**

- DHCD pral rann pwosesis aplikasyon an pi fasil. Ou pral kapab kite yon mesaj vokal olye w rete tann. DHCD pral retounen apèl la menm jou a. Si ou rele ta nan jounen an, DHCD ka retounen w apèl la nan pwochen jou ouvrab la. Ou pral tou kapab aplike an pèsòn nan biwo DHCD yo.
- Lè moun yo aplike pou abri, DHCD pral mande si yo bezwen èd akòz andikap oswa kapasite limite nan Anglè oswa lòt rezon.
- DHCD pral kite fanmi yo antre nan abri a menm si yo pa gen tout dokiman yo. Men chak fanmi pral gen pou pwouve twa bagay: idantite yo, relasyon youn ak lòt, epi omwen youn nan manm fanmi yo se yon rezidan Massachusetts.
- Si fanmi yo elijib pou abri epi yo kontakte DHCD avan yon sèten lè chak jou, DHCD pral garanti ke yo ka jwenn yon kote ki an sekirite pou yo rete pandan nwit la.
- DHCD pral rann li fasil pou moun yo mande aranjman pou andikap. DHCD pral ede moun ki gen papyè. DHCD kenbe tras moun ki ap tann yon aranjman. Pou fanmi ki gen andikap yo, DHCD pral rann li fasil pou evite non-konfòmite ak sispansyon.
- Anpil fanmi bezwen transfè abri pou yo ka pi pre kominote lakay yo, oswa pi pre lekòl pitit yo, oswa akòz andikap. DHCD pral amelyore sistèm li yo pou transfè abri. Li pral kenbe tras fanmi ki ap tann transfè yo. Li pral itilize priyorite ki klè pou rann lis datant transfè a osi ekitab ke posib.
- Pandan fanmi yo ap tann yon transfè, DHCD ka transfere yo nan chanm otèl, oswa ede yo avèk transpò, oswa ba yo pwoteksyon kont non-konfòmite ak sispansyon.
- DHCD pral eseye jwenn nouvo abri nan diferan pati eta a, si anpil fanmi gen lontan depi y ap tann transfè.
- DHCD pral kominike enfòmasyon enpòtan yo yon fason ki pi klè.

Akò a pral dire pwobableman 4 a 5 ane. Pandan tan sa a, DHCD pral bay avoka pleyan yo enfòmasyon pou yo ka asire yo DHCD fè sa li te dakò pou l fè. Epi tou, jij la pral gen pouvwa pou l asire l DHCD respekte Akò a.

DHCD pral peye avoka Pleyan yo \$1.5 milyon pou onorè avoka ak pou depans avoka Pleyan yo déjà fè.

### **Kisa sa vle di pou mwen antanke manm gwoup?**

Si jij la apwouve Akò a, tout manm gwoup yo pra l lye pa kondisyon li yo. Sa vle di ou pa ka pouswiv DHCD pou eseye fè DHCD chanje sistèm li yo pou bagay ki kouvri pa Akò a, pandan Akò a an vigè. Ou pral toujou kapab pouswiv DHCD si li vyole dwa legal endividyèl ou.

Si ou dakò avèk Akò a, ou pa bezwen fè anyen. Si li apwouve, ou jwenn avantaj akò a. Si ou pa dakò avèk yon pati nan akò a, ou kapab fè objeksyon.

### **Odyans Ekitab**

Pral gen yon Odyans Ekitab nan dat 28 mas 2023 a 2:00 p.m. devan Jij Douglas Wilkins nan Courtroom 25 of the Norfolk County Superior Courthouse, 650 High Street, Dedham, MA 02026. Jij la pral koute objeksyon yo oswa li deklarasyon avan li deside si pou li apwouve Akò a. Nan odyans la, jij la pral tou deside montan onorè avoka yo, si genyen, pou peye avoka pleyan yo.

### **Kisa mwen dwe fè si m vle fè objeksyon ak/oswa pale nan Odyans Ekitab la ?**

Si ou vle di jij la ou pa dakò avèk nenpòt pati nan akò a, tankou peman onorè avoka yo, oswa ou gen yon lòt bagay pou di jij la konsènan Akò a, ou dwe voye yon deklarasyon bay jij la pa lapòs avan 20 mas 2023.

Deklarasyon an dwe di non dosye tribinal la (Rosanna Garcia et al. v. Department of Housing and Community Development, 16-84-CV-03768); non ou ak adrès ou; Avèk kisa ou pa dakò epi poukisa, oswa kisa ou vle di nan odyans la. Si w ap ekri sou yon objeksyon, di si ou vle di jij la yon bagay nan odyans la.

Voye deklarasyon orijinal la bay: Suffolk County Superior Court, Attn: Margaret Buckley, 3 Pemberton Square, Boston, MA 02108.

Voye yon kopi deklarasyon an bay: Laura Massie, Greater Boston Legal Services, 197 Friend St., Boston, MA 02114. Ou kapab tou voye li pa imel bay Lmassie@gbls.org.

Si ou pa kapab voye yon deklarasyon oswa ou rate dat limit la, ou ka toujou vini nan odyans la nan dat 28 mas 2023. Mande jij la pou li dispansè w de kondisyon yo epi eksplike poukisa ou pa t kapab voye deklarasyon w lan nan dat limit la. Jij la ka chanje nenpòt nan dat limit yo nan avi sa a si ou montre yon rezon valab.

### **Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?**

Si ou gen yon kesyon oswa ou vle yon kopi Akò a, tanpri kontakte Laura Massie nan Greater Boston Legal Services (GBLS), 197 Friend Street, Boston, MA 02114; (844) 625-7313, **MassRelay** 711, nimewo gratis (800) 323-3205; oswa pa imel:

[Lmassie@gbls.org](mailto:Lmassie@gbls.org). Akò a poste tou sou entènèt nan

[www.MAShelterSettlement.com](http://www.MAShelterSettlement.com).